ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ТУРИЗМ
ҲӘМ СПОРТ МИНИСТРЛИГИ

ДЕНЕ ТӘРБИЯСЫ ҲӘМ СПОРТ БОЙЫНША ҚӘНИГЕЛЕРДИ
ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ҚӘНИГЕЛИГИН
АРТТЫРЫЎ ИНСТИТУТЫ

**Қайпов Жахангер Абдиқәдирович**



# ПАЛЎАНЛАР ЖУРТЫНА УСТАЗЛЫҚ ЕТКЕН ЖӘҲӘН ЧЕМПИОНЫ

**ТАШКЕНТ–2021**

**УЎК 796.85(075)**
**КБК 75.715я7**
**Қ 24**
Қайпов, Ж.А.
Палўанлар журтына устазлық еткен жәҳән чемпионы [Матн] : қолланба / Ж.А. Қайпов.-Тошкент: "Umid Design", 2021.-28 б.

**Қайпов Жахангер Абдиқәдирович** Өзбекстан Республикасы Дене тәрбия ҳәм туризм министрлиги жанындағы Дене тәрбиясы қәнигелерин қайта таярлаў ҳәм билимин жетилистириў институты Нөкис филиалының қайта таярлаў ҳәм билимин асырыў жумысларын шөлкемлестириў бөлими баслығы

*Бул китапта палўанлар елаты деп тән алынған Әмиўдәрья районының гүрес тараўын раўажландырған тренер Жәҳән чемпионы Шамурат Машариповтың өмир жолы ҳәм тәрбиялаған шәкиртлери ҳаққында сөз етиледи. Гүрес түрлери бойынша тренерлер, дене тәрбиясы муғаллимлери, гүрес тарийхына қызығыўшылар, улыўма, гүрес ышқыпазлары ушын керек мағлыўматларға ийе қолланба сыпатында китап оқыўшыларының кеўлинен шығады ҳәм ҳәр бир оқыўшы гүрес тарийхы бойынша кең түрде мағлыўмат алады.*

**Пикир билдиргенлер:**

*«Нөкис désinституты»*

# ПАЛЎАНЛАР ЖУРТЫНА УСТАЗЛЫҚ ЕТКЕН ЖӘҲӘН ЧЕМПИОНЫ

**«ҲАҚЫЙҚАТЫНДА ӨЗБЕК МИЛЛИЙ ГҮРЕСИНДЕ ХАЛЫҚТЫҢ РУЎХЫНА, МИНЕЗ ҚУЛҚЫНА ӘЙЙЕМНЕН ТӘН БОЛҒАН ҚӘСИЙЕТЛЕР КӨРИНЕДИ.<br>БУЛ ЕРЛИК, МӘРТЛИК, РУЎХЫЙ САҚЫЙЛЫҚ, ҚАРСЫЛАСЫНА КЕҢПЕЙИЛЛИК, ҲАДАЛЛЫҚ, АДАМГЕРШИЛИКТЕН ИБАРАТ»**

Өзбекстан Республикасының Биринши Президенти<br>И.А.Кәримов

Бизиң гүресимиздиң тарийхы бир неше мың жыллықларға барып тақалады. Буны өткен әсирде мың жыллығы белгиленген «Алпамыс» дәстанындағы Алпамыс пенен Қаражанның гүреси мысалында да көриуимизге болады. Ҳақыйқатын айтқанда, ҳәр бир халықтың миллий спорт түрлери мәзи жарыс өткериў, дене шынықтырыў ушын пайда болмаған. Ел тынышлығын сақлаў, сыртқы душпанлардан қорғаныў мақсетиндеги зәрүрияттан пайда болған ҳәм раўажланып барған. Әскерликке eң шаққан, қарыўлы, ер жүреклерин таңлап алыў мақсетинде ғана беллесиўлер өткерилип, олар кейин ғана жарыс формасына енген. Елимиздиң ғәрезсизлигинен кейин Ҳүрметли Журтбасшымыздың «Келешеги уллы мәмлекетти саламат әўлад ғана қурыўы мүмкин, ал саламат әўладты дене тәрбия ҳәм спортсыз көз алдыға келтириў мүмкин емес» дегениндей, дене тәрбия ҳәм спорт мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилди. Әлбетте, бул өз гезегинде миллий спорт түрлерин раўажландырыўға да үлкен күш бағышлады. Миллий гүресимиз «Өзбек кураши» атамасы менен гүрес усыллары, қағыйдалары, кийими Олимпиада ойынларының талапларына масластырылып, халық аралық спорт түрине айландырыў баслы мақсетлердиң бирине айланды ҳәм Шахрисабзда Әмир Темир, Сурхандәрьяда Ат-Термизий, Андижанда Бабур Мырза, Хорезмде Пахлаван Маҳмуд, Қарақалпақстанда Ерназар Аалакөз ҳәм Сапалақ палўан естеликлерине ҳәм Өзбекстан Республикасы Президентиниң сыйлығы ушын ҳәм басқа да халық аралық турнирлер дәстүрий түрде өткериле баслады. Нәтийжеде 1998-жылдың 6-сентябри күнги Халық

аралық Конгрессте «Өзбек кураши» халық аралық спорт түри сыпатында тән алынды.

Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёевтиң 2017-жыл 2-октябрь күнги «Кураш миллий спорт түрин еле де раўажландырыў илажлары ҳаққында»ғы Пәрманын турмысқа ендириў бойынша алып барылған жумыслар нәтийжесинде «Өзбек кураши» Азия ойынлары бағдарламасына киргизилди.

Әлбетте, бул орында Жалаладдин Мангуберди, Али Русдайн Дарвеш Муҳаммед, Пахлаван Маҳмуд, Ерназар Шойыншы, Ерназар Алакөз, Жаңабай Қаратай улы сыяқлы тарийхый тулғалардың бизиң гүресимизди усы күнге шекем алып келгенин, заманлас палўанларымыздың сол гүрестиң халық аралық майданда тән алыўына ерисиўде қосқан салмақлы үлесин айтып өткен орынлы.

Халық арасында палўанлары менен даңқ көтерген елатлардың бири Маңғыт яный Әмиўдәрья районы болып табылады. Сонлықтан да, Әмиўдәрья районы әзелий палўанлар журты деп танылады. Соңғы елиў жыл ишиндеги жоқары табысларды қолға киргизген әмиўдәрьялы палўанлар менен сәўбетте болсаңыз, ол кимниң шәкирти болыўына қарамастан «Шамеке устаның қолынан шыққанбыз» деп мақтаныш етеди. Шамурат палўан Машарипов, ҳақыйқаттан да, Әмиўдәрьялы палўанлардың дерлик барлығына устазлық етти. Әмиўдәрья районында басқа да тренер-оқытыўшылар бар. Ш.Машарипов район сайланды командасының тренери болғанлықтан, район сайланды командасына қабылланған ҳәр бир палўан оның таярлғынан өтип, гүрес шеберлигин асырып барар еди. Сонлықтан да, әмиўдәрьялы ҳәр бир палўанның «Шамеке устаның қолынан шыққанбыз» деўиниң түп мәниси усында. Ол, ҳәттеки, ҳүрметли дем алысқа шыққаннан кейин де бос ўақытларында спорт залға барып, жас тренерлерге өзиниң бай тәжирийбесин үйретип, қәте-кемшиликлерин дүзетип турар еди.

Ғәрезсиз мәмлекетимиз, ҳәттеки, бурынғы аўқам көлеминдеги белгили палўанлар менен дийдарласып қалсақ, қай жерлик екениңди билгеннен кейин бириншилер қатарында Шамурат палўанды бир сорамай қалмайды. Себеби ол Өзбекстан сайланды командасы қурамында 1960-жылы Фрунзе ҳәм Харьковта, 1962-жылы Тбилисиде, 1963-жылы Нальчикте, 1964-жылы Ашхабад ҳәм Таллинде, 1965-жылы Воронеж ҳәм Алуштада, 1966-жылы Вильяндиде, 1968-жылы

Түркменстанның Мары ўәлаятында, 1969-жылы Душанбеде, 1970-жылы Кишиневта өткерилген пүткилаўқамлық ҳәм халық аралық жарысларда өзиниң талантлы гүреси менен ықласбентлериниң көзлерин қуўантса, қарсыласларының көзлерин қорқытып үлгерди. Әсиресе, Шамурат палўанның бурынғы аўқам көлеминде жулдыз спортшыға айланыўы 1965-жылы Воронежде болып өткен аўқам бириншилигинде аўқам сайланды командасының ағзалары Қазақстанлы С.Семкин ҳәм Армениялы Мцаканян үстинен ерискен таза жеңиси себепши болды десек асыра айтқан болмаспыз.

Ш.Машарипов Әмиўдәрья районының «Гүлал» аўылында 1939-жылы Машарип палўанның шаңарағында дүньяға келди. Оның балалық ўағы урыстан кейинги қайта тиклеў дәўирине туўра келип, жаслайынан аўыр мийнетке жегилди. Аўыр мийнетте қатып қалғанлықтан, ол дене тәрбия сабағында онша ебетейсизлеў болды. Деген менен, оның  келешегинен үмит күткен устазы Шәриф Нигматулин жеке ислесип, гүрес сырларын үйрете баслады. Бос ўақытларында әкеси Машарип палўан да оған өзи билген усылларды үйретиўден жалықпады. Нәтийжеде, дәслеп район көлеминдеги, соңын ала республика көлеминдеги беллесиўлерде жеңимпаз болып, Қарақалпақстан сайланды командасы қурамына қабыл етилди. 1957-жылы Бухарада болып өткен Өзбекстан бириншилигинде сыйлы 2-орынды ийеледи. Бул беллесиўдиң финал басқышындағы қарсыласы жерлеси Сатыпалды Мылтықбаев еди. 1958-жылы Өзбекстан мәмлекетлик дене тәрбия ҳәм спорт институтына оқыўға түсип, тәжирийбели тренерлер Е.Б.Колтунов ҳәм В.П. Туляевлардан тәлим алды. Тынымсыз шуғылланыў, өз үстинде излениў нәтийжесинде 1960-жылы Ташкент қаласында өткерилген Өзбекстан бириншилигинде чемпионлық пъедестальдың ең жоқарғы бағанасын бәнтлеўге миясар болды. Бул беллесиўдиң финалындағы қарсыласы да жерлеси С.Мылтықбаев еди. Усы көрсеткиши менен Ш.Машарипов Өзбекстан сайланды командасы қурамына қабыл етилип, 11 жыл даўамында аўқам көлеминде Өзбекстанның абырайын ылайық түрде қорғады. Сондай-ақ, ол 1959-жылдан 1963-жылға шекем «Буравестник» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан бириншиликлеринде самбо ҳәм еркин гүрестен, 1964-жылдан 1969-жылға шекем аўыл спортшыларының Өзбекстан көлеминдеги спартакиадалары ҳәм «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан бириншилилеринде миллий гүрестен лидерлик етти.



Мектепте дене тәрбиясы муғаллими, жас өспиримлер спорт мектебинде тренер-оқытыўшы, жас өспиримлер спорт мектебиниң директоры, «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Әмиўдәрья районлық кеңесиниң баслығы, «Саламатлық» дене тәрбия ҳәм саламатландырыў бирлеспесиниң баслығы болып ислеп жүрип, елимизге белгили шәкиртлерди тәрбиялап шығарды. Самбо гүреси бойынша Жәҳән чемпионы Орал Жуманиязов, Аўқам «Универсиада»сының сыйлы орын ийеси Бахрам Раджапов, Өзбекстан чемпионлары Жарас Казаков, Дәўлетбай Айманов, Нарбай Сапарбаев, Камал Саатов, Камил Хайтымбетов, Бахтияр Ешимбетов, Базарбай Нуржанов, Фархад Атажанов, Аман Қәлендеров, сондай-ақ, район сайланды командасына тренерлик етип жүрип шәкиртлериниң шәкиртлеринен де бир даңғаралы табысларды қолға киргизген Чаршамбай Тәжимуратов, Халбай Дәўлетмуратов, Қутлымурат Раджапов, Әўезмурат Атажанов, Исламбек Қудияров, Маҳмуд Раджапов, Фархад Айманов, Фахриддин Камалов, Муратбай Досымбетов, Алламберген Жумамуратов сыяқлы жетекши спортшыларды тәрбиялап шығыўға миясар болды. Оның жаслар тәрбиясындағы көп жыллық ҳәм машақатлы мийнети ҳүкиметимиз

тәрепинен ылайық түрде баҳаланып, 1999-жылы «Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген жаслар устазы» мәмлекетлик атағы берилди.

Ш.Машарипов ғаррылық гәштин сүрип жүрип те, спорттан еле қол үзе қойған жоқ. 2007-жылы Термез қаласында миллий гүрес бойынша өткерилген Жәҳән чемпионатының алтын медалын жеңип алыўға миясар болды.

Ш.Машариповтың жолын даўамлаған генжетайы Элер Машарипов дзюдо гүреси бойынша Азия ҳәм Европа чемпионатларында, дүньяжүзилик Гран-При жарысларында Өзбекстан Республикасының байрағын желбиретип, гимнин жаңлататуғын табысларды қолға киритип киятырған, келеси Олимпиада ойынлары ҳәм Азия ойынларына қатнасып, мәмлекетимиздиң абыройын ылайық қорғайды,-деп ел басшылары исенип отырған азаматларымыздың бири.

* * *



Әмиўдәрья районында дүньяға келген Орал жаслайынан гүрес десе арқасы қозып ортаға шығып кете берер еди. Оның гүреске деген ықласын абайлаған ата-анасы районның, ҳәттеки, республиканың жетекши палўанларының бири Ш.Машариповтың алдына алып барды. Ол дәслеп миллий гүрес бойынша мектеп сайланды командасында район бириншиликлерине қатнасып, сыйлы ҳәм жеңимпаз орынларды ийелеп жүрди. 9-класында оқып жүрген ўақытында район сайланды командасы қурамына қабыл етилип, республика бириншиликлерине қатнаса баслады. 1961-жылғы Қарақалпақстан бириншилигинде жеңимпаз болып, республика сайланды командасы қурамына қабыл етилди. Сол жылы Қаршы қаласында өткерилген Өзбекстан бириншилигинде қола медаль

ийесине айланыўға миясар болды. 1963-жылы орта мектепти табыслы тамамлап, Өзбекстан мәмлекетлик дене тәрбиясы институтына оқыўға кирди. Ол студент ўақтында Ташкент қаласы бириншиликлери ҳәм чемпионатларының жеңимпазы болып, дәслеп Ташкент қаласының, соңынан Өзбекстанның сайланды командасы қурамына қабылланды. Дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетлериниң Өзбекстан бириншиликлери менен чемпионатларына қырықтан аслам спортшы қатнасқан болса, соның барлығында да чемпионлық пъедестальдың екинши бағанасынан төмен түсип көрмеди. Сондай-ақ, Өзбекстан сайланды командасы қурамында «Динамо» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Москва, Ленинград, Омск, Томск, Минск, Киев ҳәм Душанбе қалаларында өткерилген Аўқам биринширигине де 11 мәрте қатнасып, 7 мәрте биринши орынды, 4 мәрте сыйлы екинши орынды ийелеўге еристи. 1971-жылы жылы самбо бойынша халық аралық турнир алдынан Аўқам ҳәм Монголия самбошылары арасында өткерилген жолдаслық ушырасыўындағы 9:1 есабындағы жеңистиң де бир упайы О.Жуманиязовқа тийисли еди. Сол жылы Эстонияда өткерилген аўқам биринширигинде жеңимпаз болып, самбо бойынша спорт устасы дәрежесин орынласа, 1974-жылы миллий гүрес бойынша спорт устасы дәрежеси берилди.

Елимиз ғәрезсизлигинен кейинги спорт ветеранлары ушын жаратылған кең имканиятлардан да Орал Жуманиязов үнемли пайдалана алды. 1998-жылы ветеран спортшылар арасында өткерилген Жәҳән чемпионатында, сондай-ақ 2004-жылы Душанбеде, 2006-жылы Ташкентте өткерилген халық аралық жарысларда жеңимпаз болды.

О.Жуманиязов 1970-2001-жыллар аралығында «Локомотив» дене тәрбия ҳәм жәмийетинде, ҳәзирги күнде де ғаррылықты еле мойынламай «Жар» спорт сарайында жасларға гүрес сырларын үйретип келмекте.

* * *



Миллий гүрес бойынша Жәҳән чемпионы Шамурат Машариповтан жаслайынан миллий гүрес ҳәм еркин гүрес сырларын тереңнен меңгерген Жарасбай Казаков шынығыўының дәслепки күнлеринен-ақ устазының сын нәзерине илинип, келешекте жетекши спортшыға айланатуғыны анық билинип турар еди. Себеби оған устазы тәрепинен тапсырылған ҳәр бир тапсырманың мүлтиксиз орынланыўы, өзиниң үстинде тынымсыз излениўи, өзинен үлкен жастағы палўанлардың ҳәр бир ҳәрекетин дыққат пенен бақлап барыўы устазына үлкен үмитлер бағышлады. Республика көлеминдеги туңғыш қәдеми Әмиўдәрья районы сайланды командасының қурамында 1966-жылғы мектеп оқыўшыларының спартакиадасына қатнасыўдан басланды. Ол бул итибарлы беллесиўде еркин гүрес бойынша барлық қарсыласларынан үстем келип, спартакиада жеңимпазлығын қолға киритти. 1968-жылғы Қарақалпақстан биринширилигинде және жеңимпазлықты қолға киритип, Қарақалпақстан сайланды командасы қурамына қабыл етилди ҳәм Өзбекстан биринширилигинде де жеңимпаз болыўға еристи. 1969-1970-жыллары Қарақалпақстан көлеминде өткерилген барлық жарысларда чемпионлықты, Өзбекстан көлеминдеги беллесиўлерде сыйлы орынларды ийелеп, әскерий хызметке кетти. Әскерий хызметте жүрип те гүрес пенен шуғылланыўын тоқтатпады. Әскерий бөлим, дивизия биринширилилериинде жеңимпазлықты қолға киритип, «Динамо» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң аўқам биринширилигине жолламаны қолға киритти. Ж.Казаков аўқам биринширилигинде сыйлы 2-орынды ийелеп, «Әскерий хызмет ағласы» көкирек нышаны менен сыйлықланыў бахтына миясар болды.

Әскерий хызметин атқарып қайтқан Жарас Сапалақ палўан сыйлығына өткерилген республика биринширилигинде миллий гүрестен ҳәм Қарақалпақстан Республикасының 15-спартакиадасында еркин гүрестен жеңимпазлықты қолға киргизип, 1973-жылы қайтадан Қарақалпақстан сайланды командасы қурамына қабыл етилди. Сол жылы еркин гүрестен ҳәм миллий гүрестен Өзбекстан чемпионатларында сыйлы орынларды ийелеп, Өзбекстан сайланды командасы қурамында Ромитан қаласында өткерилген «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Орайлық кеңесиниң Аўқам биринширилигинде еркин гүрес бойынша қола медаль ийесине айланды ҳәм Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының дене тәрбиясы факультетине оқыўға қабыл етилди. Оның оқыўға кириўи дзюдо ҳәм самбо гүреслери менен де шынтлап шуғылланыўына имканият жаратты. Ол студентлик дәўиринде «Буравестник» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан бириншиликлеринен еркин гүрес, дзюдо, самбо ҳәм миллий гүрес бойынша мудамы жеңис пенен оралып, оқыў дәргайы студентлери менен устазларын қуўанышқа бөлер еди. Ж.Казаков еркин гүрес бойынша Ферғанада Қаҳарман Тополев сыйлығына өткерилген халық аралық турнирде ҳәм Ташкент қаласында Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик телерадио комитетиниң сыйлығына өткерилген пүткилаўқамлық турнирде сыйлы орынларды ийеледи. Ол самбо, дзюдо ҳәм еркин гүреслер бойынша аўқам спорт усталығына талабан, миллий гүрес бойынша Өзбекстан спорт устасы дәрежесин орынлаўға еристи.

Ж.Казаков той палўаны сыпатында да халық арасында үлкен абырайға ийе палўан болды.

Ж.Казаков өмириниң ақырына шекем тренер, спорт мектептиң директоры сыпатында жасларға гүрес сырларын үйретип келди. Оның көп жыллық ҳәм жемисли мийнети итибарға алынып, бир неше мәрте Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикалары Билимлендириў министрликлериниң, Дене тәрбия ҳәм спорт бойынша мәмлекетлик комитетлериниң «Ҳүрмет жарлықлары» менен сыйлықланса, ҳүкиметимиз тәрепинен 2-дәрежели «Саламат әўлад» ордени берилди. Қарақалпақстан Самбо федерациясы тәрепинен оның ҳүрметине 2007-жылдың 1-3-ноябри күнлери Нөкис қаласында жаслар арасында

республикалық ашық турнир өткерилип, жарысқа Ташкент, Самарқанд, Наўайы, Бухара ҳәм Хорезмниң жас самбошылары қатнасты.

* * *

Әмиўдәрья районы диярында 1947-жылы дүньяға келген Ә.Атажанов Тельман Қылышовтан миллий гүресимиздиң әлўан сырларын үйренип, Шамурат палўан ҳәм Жарас палўанларға ерип, жас ўақтында аўылда палўаншылық етип жүрди. Ондағы гүреске деген ықлас Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының дене тәрбиясы факультетине жетелеп барды. Ол жерде белгили тренерлар А.И.Хегай, Өзбекстанға мийнети сиңген тренер Ә.Исмайловлардың басшылығында жетекши спортшылар Ш.Мустафаев, Ә.Айзақов, М.Ниязымбетов, Ж.Мәмбетов, М.Қурбанбаевлар менен биргеликте шынығыўлар алып барды. Оның студентлик дәўири Өзбекстанда самбо гүресин раўажландырыў бойынша үлкен қозғалыс жүз берип атырған дәўирге туўра келди. Деген менен, ол ўақытта самбо гүреси қағыйдаларын, гүресиў усылларын толық билетуғын тренердиң өзи жоқ еди. Тек ғана бирге шуғылланып атырған спортшылар ишинде Ш.Мустафаев ғана әскерий хызметте жүрип, самбо гүреси менен шуғылланып, әдеўир табысларды қолға киргизип келген еди. 1968-жылы «Буравестник» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан бириншилигине самбо гүреси де киргизилди. Өзли-өзи шуғылланыўлардан кейин techinstitut командасы қәлиплестирилип, гимнастика пәни оқытыўшысы П.Шылмановтың басшылығында жарысқа қатнастырылды. Бурын миллий гүрес, еркин гүрес пенен шуғылланып жүрген Әўезмурат та усы команда қурамында қатнасып, сыйлы 3-орынды ийелеўге еристи.

Ә.Атажанов techinstitutты табыслы тамамлағаннан кейин мектепте дене тәрбия муғаллими болып ислеп жүрип, көп жыллар даўамында жасларға гүрес бойынша тәлим берип барды ҳәм район сайланды командасын муўапықластырыўда салмақлы үлес қосты. Оның бул тараўдағы жемисли мийнети жергиликли ҳәкимият уйымлары тәрепинен өз баҳасын алып, оған жас өспиримлер спорт мектебин басқарыў исенип тапсырылды. Ә.Атажанов бул лаўазымда 5 жыл-ақ иследи. Алдыға қойған әрманларын еле толық әмелге асыра алмай атырған ўақытта 1991-жылы сум әжел арамыздан алып кетти.

* * *

Соңғы ўақытлардағы Әмиўдәрья районынан өсип жетилискен палўанлардың көпшилигин тәрбиялап шығарған Н.Сапарбаев миллий гүрес бойынша жәҳән чемпионы Шамурат палўан Машариповтың басшылығында шынығыўлар алып барып, гүрес түрлери ҳәм жеңил атлетика бойынша район көлеминде жетекшилик ете баслады. 1968-жылы район сайланды командасы қурамында миллий гүрестен «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Қарақалпақстан Республика кеңесиниң бириншилигине қатнасып, сыйлы орынды ийелесе, еркин гүрестен Қарақалпақстан бириншилигиниң жеңимпазы болып, үлкен спорттағы дәслепки жеңисли қәдемин баслады. 1969-жылы еркин гүрестен Кәсиплик аўқамы республикалық кеңеси бириншилигинде сыйлы орынды, 1970-жылы Қарақалпақстан сайланды командасы қурамында самбо ҳәм еркин гүрес бойынша Әндижанда өткерилген «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан бириншиликлерине қатнасып, сыйлы 3-орынларды ийеледи. 1971-жылы миллий гүрес бойынша Сапалақ палўан сыйлығы ушын өткерилген турнирде өз салмағы бойынша жеңимпазлықты қолға киритсе, абсолют салмақта сыйлы 3-орынды ийелеўге еристи. Сондай-ақ, еркин гүрес бойынша өткерилген Қарақалпақстан спартакиадасында да сыйлы орынды ийелеўге миясар болды.

1972-жылы Қарақалпақстан аўыл жасларының спартакиадасында еркин гүрес бойынша жеңимпаз болса, миллий гүрестен Хорезм ўәлаятының ашық бириншилигинде ҳәм «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан бириншилигинде сыйлы орынларды ийеледи. 1976-1977-жыллары Н.Сапарбаев еркин гүрес ҳәм миллий гүрес бойынша Қарақалпақстан көлеминде өткерилген биринешиликлерде сыйлы ҳәм жеңимпаз орынларды ийелеп келди. Самбо бойынша 1977-жылғы Қарақалпақстан чемпионатында алтын медаль ийесине айланып, Қаршы да өткерилген «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан бириншилигинде сыйлы 3-орынды ийелеўге еристи. Ол кейин де өз жас өзгешелиги бойынша телевизиялық турнирлерге қатнасып, сыйлы орынларды ийелеўге миясар болды.

* * *

Әмиўдәрья районының белгили бас палўанларының бири Саат палўан Хайтымбетовтың шаңарағында дүньяға келген Камал жаслайынан гүрес десе арқасы қозып, тура алмайтуғын еди. Ол аўыл тойларында көзге түсип, миллий гүрес бойынша Әмиўдәрья сайланды командасы қурамында Шамурат Машариповтан гүрес сырларын тереңнен меңгерип, 1956-жылы Хорезм бириншилигинде жақсы нәтийже көрсетти ҳәм ўәлаят сайланды командасы қурамында Өзбекстан бириншилигине қатнасты ҳәм жарыс жеңимпазы болды. 1957-жылы да Хорезм ўәлаяты жаслар фестивалында жеңисти қолға киргизип, Өзбекстан бириншилигине қатнасып, сыйлы 3-орынды ийеледи. Сондай-ақ, сол жылы еркин гүрес бойынша да Хорезм бириншилигинде усы нәтийжесин тәкирарлады.

Өзбекстан мәмлекетлик  дене тәрбия ҳәм спорт институтына киргеннен кейин спорттың самбо гүреси ҳәм еркин гүрес түрлери менен де шуғылланыўын даўам еттирди. Еркин гүрес бойынша 1958-жылы Ташкент қаласы бириншилигинде жеңимпаз, «Буравестник» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Ташкент қаласы ҳәм Өзбекстан бириншилигинде сыйлы орынларды ийеледи. 1959-жылы «Буравестник» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан бириншилигинде сыйлы 2-орынды ийелеўге ериссе, 1962-жылы «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Ташкент қаласы ҳәм Өзбекстан бириншилигинде жеңимпазлықты қолға киритти.

Самбо гүреси бойынша 1959-жылы Ташкент қаласы бириншилигинде сыйлы 2-орынды ийелесе, 1960-жылы Ташкент қаласы ҳәм Өзбекстан бириншиликлеринде, сондай-ақ, студентлер арасындағы «Буравестник» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан бириншилигинде жаңимпазлар пъедесталының жоқарғы басқышына көтерилди. 1961-жылы да «Буравестник» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан бириншилигинде чемпионлық пъедестальдиң ең жоқарғы бағанасын бәнтлеўге миясар болды.

Жоқары оқыў орнын табыслы тамамлағаннан кейин миллий гүрестен Хорезм ўәлаяты бириншилиги ҳәм ўәлаят спартакиадасында жеңимпаз болса, самбо гүресинен Өзбекстан бириншилигинде, еркин гүрестен «Спартак»  дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Хорезм бириншилигинде сыйлы орынларды ийеледи.

* * *

Кәмил Хайтымбетов Әмиўдәрья районының белгили палўаны Саат палўанның шаңарағында дүньяға келгенликтен бала ўақтынан гүрес десе қайнаўытлаған жигер менен ортаға шығып кете берер еди. Ол өзиниң ағасы Камалдан гүрес сырларын үйренип, район көлеминдеги жарысларда жеңисли қәдемлери менен бирден көзге тасланды. Район сайланды командасына қабылланғаннан кейин миллий гүрес бойынша жәҳән чемпионы Шамурат палўан Машариповтың басшылығында шынығыўлар алып барып, Қарақалпақстан бириншиликлеринде бир нешше жеңимпаз ҳәм сыйлы орынларды ийеледи. 1971-жылы миллий гүрес бойынша Сапалақ палўан сыйлығы ушын өткерилген турнирде ҳәм Ерназар шойыншы кубоги беллесиўлеринде жеңимпаз болды. Кәмилдеги спортқа деген қызығыўшылық оны 1972-жылы Өзбекстан дене тәрбия ҳәм спорт институтына жетеклеп барды ҳәм сол жылы миллий гүрес бойынша Өзбекстан бириншилигиниң жеңимпазы болып, орай қәнигелериниң нәзерине түсти. Кәмил оқыўға түскеннен кейин тек миллий гүрес пенен шекленип қалмады. Ол дзюдо ҳәм самбо гүреслери менен де шынтлап шуғыллана баслады. Гүрес түрлери бойынша Өзбекстанның жетекши қәнигелериниң бири А.А.Истоминнниң басшылығында шынығыўлар алып барды. Нәтийжеде, самбо ҳәм дзюдо гүреслери бойынша Ташкент қаласы биринширигинде өз салмақ категориясында Кәмилге дәдимал айтқандай қарсылас табылмады. Самбо бойынша 1975-жылы Самарқанд қаласында өткерилген «Буравестник» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан биринширигинде жеңимпаз, Тажикстанның Душанбе қаласында өткерилген пүткилаўқамлық турнирде сыйлы екинши орынды ийелесе, 1976-жылы дзюдо гүреси бойынша Наманганда өткерилген пүткилаўқамлық турнирде чемпионлық пъедестальдиң ең жоқарғы бағанасын бәнтлеўге миясар болды. Самбо гүреси бойынша спорт усталығына талабан, дзюдо гүреси бойынша спорт устасы дәрежесин орынлады. Кейин Кәмил Хайтымбетов «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетинде көп жыллар даўамында жасларға гүрес сырларын үйретип, ҳәзирги ўақытта ҳүрметли дем алыста, ул-қызлары ҳәм ақлықларының иззет-ҳүрметинде ғаррылық гәштин сүрмекте.

* * *

Б.Нуржанов республикамызда палўанлар елаты болған Әмиўдәрья районы аймағында 1956-жылдың 19-октябринде дүньяға келип, жас ўақтында-ақ гүреске деген ықласы миллий гүрес бойынша жәҳән чемпионы Шамурат Машариповтың алдына баслап барды. Ол устазынан миллий гүрес, еркин гүрес ҳәм белбеўли гүрес сырларын тереңнен меңгерип, тез арада район көлеминде көзге таслана баслады. Нәтийжеде, район сайланды командасы қурамында республикалық беллесиўлерге қатнасып, мудамы өз теңлеслери арасында лидерлик етип жүрди ҳәм Қарақалпақстан сайланды командасы қурамына



қабылланды. Ол орайға келгеннен кейин самбо гүреси сырларын жалықпастан үйрене баслады. Б.Нуржанов өзи жарысларға қатнасқан гүрес түрлериниң барлығынан да Қарақалпақстан бириншиликлери ҳәм чемпионатларында жеңимпазлықты қолдан бермеди. Самбо гүреси бойынша Өзбекстан сайланды командасы қурамында 1978-жылы Свердловскте өткерилген пүткилаўқамлық турнирде қола медаль ийесине айланды. Сондай-ақ, 2002-жылы Ташкентте ветеран самбошылар арасында өткерилген Өзбекстан чемпионатында сыйлы 2-орынды жеңип алыўға миясар болды. 2015 ҳәм 2016-жыллары ветеран самбошылар арасында Нөкисте өткерилген Өзбекстан чемпионатларында алтын медалларды қолға киргизди. Усы нәтийжелери бойынша Өзбекстан сайланды командасы қурамында 2016-жылдың 20-24-апрели күнлери Хорватияның Пореч қаласында өткерилген ветеранлар арасындағы Жәҳән чемпионатына қатнасып, қола медальды жеңип алыўға миясар болды.

Еркин гүрес бойынша 1976-77-жыллары «Буравестник» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан бириншиликлеринде, 1976-жылы Мийнет Қаҳарманы Хамрақул Турдықулов сыйлығы ушын өткерилген пүткилаўқамлық турнирде, 1977-жылы Қоқанд қаласында өткерилген Өзбекстан чемпионатында, Ферғанада ҳәм Самарқандта өткерилген Өзбекстан аўыл жасларының спартакиадаларында жеңимпазлықты қолға киритти.

Миллий гүрес бойынша 1973-жылы Өзбекстан мектеп оқыўшыларының спартакиадасында сыйлы орынды ийелесе, 1986-жылы Сурхандәрьяда өткерилген Өзбекстан чемпионатында ҳәм Сапалақ палўан сыйлығы ушын өткерилген турнирлеринде бир неше мәрте чемпионлық пъедестальдың ең жоқарғы бағанасын бәнтледи.

Белбеўли гүрес бойынша 2008-жылы ветеранлар арасында Әндижанда өткерилген Өзбекстан чемпионатында қола медальды қолға киргизсе, бир жыллық тынымсыз шуғалланыў нәтийжесинде 2009-жылы Ташкент қаласында ветеранлар арасында өткерилген Жәҳән чемпионатының гүмис медалын жеңип алыўға миясар болды.

Б.Нуржанов Елликқала районында дене тәрбиясынан муғаллимшилик етиў менен шекленип қалмастан, аўыл жасларына гүрес сырларын үйретип, гүрес түрлери бойынша район сайланды командасын муўапықластырыўда белсендилик көрсетти. Оның бул

қайырлы иси Ҳүкиметимиз тәрепинен өз баҳасын алып, «Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен мәдeният хызметкери» атағы берилди.

* * *

Шамурат палўан Машариповқа шәкирт тутынып, гүрес сырларын тереңнен меңгерген Бахтияр ҳә демей топты айырып шыға алды. Устазының көрсетпелерин булжытпай орынлаў ҳәм өзи үстинде тынымсыз излениў нәтийжесинде жас болыўына қарамастан, миллий гүрес бойынша республика көлеминдеги беллесиўлерде көзге түсип, Қарақалпақстан сайланды командасы қурамына қабыл етилди ҳәм 1973-жылғы спартакиада бағдарламасы бойынша Хорезмде өткерилген Өзбекстан көлеминдеги жарыста сыйлы 2-орынды ийелеўге миясар болды. Еркин гүрес бойынша «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң 1972-жылғы Қарақалпақстан биринчилигинде жеңимпаз болса, Өзбекстан биринчилигинде сыйлы 2-орынды ийелеўге еристи. 1973-жылы ҳәм 1974-жылы еки жыл қатарына «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Қарақалпақстан биринчилигинде де, Өзбекстан биринчилигинде де жеңимпазлықты ҳеш кимге инам етпеди. Бахтияр әскерий хызметке барғаннан кейин самбо гүреси менен шуғылланды ҳәм әскерий бөлим, Свердловсктеги әскерий округ биринчиликлеринде жеңимпаз ҳәм сыйлы орынларды ийелеп жүрди.

Әскерий хызметтен келгеннен кейин самбо ҳәм дзюдо гүреси менен Ш.Мустафаев басшылығында шынығыўларын даўам еттирди. Самбодан 1977-жылғы Қарақалпақстан чемпионатында, 1978-жылғы Қарақалпақстан аўыл жасларының спартакиадасында, сондай-ақ, 1979-жылы спартакиада бағдарламасы бойынша өткерилген жарыста жеңимпаз болды.

Дзюдо бойынша Қарақалпақстан сайланды командасы қурамында 1978-жылы Ташкент қаласында өткерилген «Буравестник» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан биринчилигинде сыйлы 3-орынды, 1980-жылы Хорезмниң Хийўа қаласында өткерилген аўыл жаслары арасындағы Өзбекстан биринчилигинде 2-орынды ийелесе, 1982-жылы Нөкис қаласында өткерилген «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан биринчилигинде чемпион болыў бахтына миясар болды.

Еркин гүрес бойынша «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң 1977, 1979 ҳәм 1982-жылғы Қарақалпақстан биринщиликлеринде, 1979-жылғы Қарақалпақстан чемпионатында ҳәм Самарқанд қаласында өткерилген «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан биринщилигинде ҳеш бир қарсыласына имканият қалдырмай, мудамы жеңис пенен оралды.

Миллий гүрес бойынша 1978-жылы Бухарада өткерилген «Буравестник» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан биринщилигинде ҳәм Самарқандта өткерилген Өзбекстан аўыл жасларының спартакиадасында жеңисли қәдемлерин даўам еттирди. 1983-жылғы «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Қарақалпақстан ҳәм Ташкент ўәлаятында өткерилген Өзбекстан биринщилигинде, Жиззақта ҳәм Қашқадәрьяда спартакиада бағдарламасы бойынша Өзбекстан көлеминде өткерилген жарысларда да Бахтиярға дәдимал айтатуғын қарсылас табылмады. Кейин де ол 1996-жылға шекем Қарақалпақстан биринщиликлери, спартакиада, телевизиялық турнирлерге қатнасып, жеңимпаз ҳәм сыйлы орынларды ийелеп келди. 2015 ҳәм 2016-жыллары ветеран самбошылар арасында Нөкисте өткерилген Өзбекстан чемпионатларында алтын медальды қолға киргизди.

* * *

Әмиўдәрья районында 1969-жылы дүньяға келген Исламбек те жаслайынан аўыл тойларындағы гүреслерди тамашалап, өзи де палўан болыў нийетинде өсти ҳәм белгили палўан Жарас Казаковтың басшылығында самбо, дзюдо, еркин ҳәм миллий гүрес пенен шуғылланса, сайланды команда қурамында Ш.Машариповтың да басшылығында шынығыўлар алып берды. Тынымсыз шуғылланыўлар нәтийжесинде 1982-жылы еркин гүрес бойынша Әмиўдәрья районы сайланды командасы қурамында республикалық жарысларға қатнасқан Исламбек жақсы нәтийжелерди көрсетип, Өзбекстан биринщилиги ҳәм Өзбекстан кубоги жарысларына қатнасып сыйлы орынларды ийеледи. 1986-жылы миллий гүрес ҳәм еркин гүрес бойынша «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Қарақалпақстан биринщилигинде жеңимпазлықты қолға киритти. Сондай-ақ, миллий гүрес бойынша ересеклер ҳәм жаслар арасындағы Қарақалпақстан чемпионатының да алтын медалларын жеңип алыўға еристи. 1987-жылы Бухарада

өткерилген Өзбекстан чемпионатында гүмис медаль ийесине айланды. Самбо бойынша 1987-жылы Қарақалпақстан чемпионатына қатнасып, сыйлы 3-орынды ийелесе, сол жылы Хорезмде өткерилген «Мийнет резервлери» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан биринширлигинде, 1990-жылы Қарақалпақстан спартакиадасында жеңимпаз болды. Ол жумысына байланыслы 2000-2010-жыллар аралығында Қарақалпақстан көлеминдеги жарысларға қатнаспай «Динамо» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Ташкент қаласы биринширлигинде 8 мәрте сыйлы орынларды қолға киргизсе, Ташкент қаласының сайланды командасы қурамында Өзбекстан биринширлигинде 1 гүмис, 1 қола медальды жеңип алыўға ерисτи. «Динамо» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетинде Бекмурат Абдуллаевтан самбо сырларын үйрениўди жетилистирсе, сайланды команда қурамына қабыл етилгеннен кейин тәжирийбели устаз Равшан Ахметжановтың басшылығында шынығыўлар алып барды. 2011-жылы Қарақалпақстан сайланды командасы қурамында ветеран самбошылар арасында өткерилген Өзбекстан чемпионатына қатнасып, алтын медальды қолға киритиў бахтына миясар болды.

Ол бир неше мәрте Ташкент қалалық Ишки ислер бөлиминиң «Ҳүрмет жарлық»лары менен, Сондай-ақ «Өзбекстан Республикасы ғәрезсизлигиниң 20 жыллығы» көкирек нышаны менен сыйлықланды.

Исламбек Худояров ҳәзирги күнде Ташкент қаласында ҳуқық қорғаў уйымларында жумыс алып бармақта.

* * *

Палўанлар журты болған Әмиўдәрья диярында дүньяға келген Фархад та басқа балалар сыяқлы гүреске жүдә ықласлы болды ҳәм гүрес секциясына қатнай баслады. Ол дәслепки гүрес усылларын устазы Нәзир Сайтовтан үйренип, район көлеминдеги беллесиўлерде көзге тасланды. Район сайланды командасына қабылланғаннан кейин тәжирийбели устаз-тренер Ш.Машариповтан, Өзбекстан сайланды командасы қурамында Аман Таймуратовтан гүрес усылларын тереңнен үйренди. Ол миллий гүрес бойынша 1974-жылы район сайланды командасы қурамында Қарақалпақстан биринширлигинде жеңимпазлықты қолға киритип, республика қәнигелериниң нәзерине түссе, 1975-жылы Қашқадәрьядағы «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан биринширлигинде жеңимпаз болып, оның үлкен

спорттағы жеңисли қәдемлерине старт берилди. Ол усы таўды 1979-жылға шекем жаздырмай, мудамы тек жеңис пенен аўылға оралар еди. 1977-жылы Өзбекстан сайланды командасы қурамында Орта Азия ҳәм Қазақстан биринширигинде алтын медальды қолға киритти ҳәм оған миллий гүрес бойынша спорт устасы дәрежеси берилди.

Самбо гүреси бойынша Қарақалпақстан ҳәм Өзбекстан көлеминдеги бир қатар беллесиўлерде табыслы қатнасып, Өзбекстан сайланды командасы қурамына қабыл етилди. 1978-жылы пүткилаўқамлық «Тошкент оқшоми» («Вечерный Ташкент») газетасының турниринде сыйлы 2-орынды ийелеп, самбо гүреси бойынша спорт устасы дәрежесин орынлаў бахтына миясар болды.

Дзюдо гүреси бойынша Өзбекстан мәмлекетлик дене тәрбия ҳәм спорт институты сайланды командасы қурамында 1979-жылы «Буравестник» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан биринширигинде жарыс жеңимпазлығын қолға киритип, дзюдо гүреси бойынша спорт усталығына талабан дәрежесине ийелик етти.

Ҳәзирги ўақытта Әмиўдәрья районында жасларды гүреске таярлаў бойынша итибарға ылайық жумысларды алып бармақта.

* * *

Маңғытлы белгили палўан Шамурат палўанның шәкирти Жарасбай Казаковтан жаслайынан тәлим алған М.Раджапов Әмиўдәрья районы сайланды командасы қурамында 1983-жылдан 1985-жылға шекемги Қарақалпақстан бириншириклеринде өз салмағында жеңимпазлықты ҳеш кимге бермеди. Қарақалпақстан сайланды командасы қурамында 1984-жылы Өзбекстан биринширигиниң де жеңимпазлығын қолға киритти.

Маҳмуд Өзбекстан мәмлекетлик  дене тәрбия ҳәм спорт институтына оқыўға түскеннен кейин республикамыздың самбо гүреси бойынша жетекши қәнигелериниң бири Аман Таймуратовтың басшылығыда шынығыўлар алып барды.

Самбо гүреси бойынша 1987-жылы Самарқанд қаласында өткерилген Өзбекстан биринширигинде, 1989-жылы Бухарада өткерилген Өзбекстан биринширигинде алтын медалларды жеңип алды. 1990-жылы Бухарада өткерилген Өзбекстан чемпионатының алтын медалын жеңип алып, спорт устасы дәрежесин орынлаўға миясар болды.

Түркменстанда өткерилген дзюдо гүреси бойынша халық аралық турнирде, сондай-ақ самбо гүреси бойынша пүткилаўқамлық турнирлерге Өзбекстан сайланды командасы қурамында қатнасып, сыйлы орынларды ийелемеги менен күшли бесликтен орын ийелеўге миясар болды.

1992-жылы Өзбекстан мәмлекетлик дене тәрбия ҳәм спорт институтын табыслы тамамлап, Әмиўдәрья районында жасларға гүрес түрлери бойынша устазлық етип, районның бир қатар жетекши спортшыларын таярлап шығарды.

* * *

Аўылдағы той гүреслерин тамашалаған, спорт мектебиндеги спортшылардың гүрес пенен шуғылланыўларын көрип, усы спорт түрине деген ықласы артқан Ф.Айманов 11 жасында Маңғыт қаласындағы жас өспиримлер спорт мектебине келип, белгили палўан Жарас Казаковтың топарына жазылды. Миллий гүрес ҳәм самбо гүреси бойынша тәлим ала баслаған Фархад спорт мектеби бириншиликлеринде, кейин ала район бириншиликлеринде көзге таслана баслады. Ҳәттеки, аўыл тойларында бала палўан сыпатында қурда да көринип турды.

Миллий гүрес бойынша бир қатар район бириншиликлеринде жеңимпазлықты қолға киритип, район сайланды командасы қурамына қабылланып Ш.Машариповтан гүрес сырларын жалықпастан үйренди. Қарақалпақстан бириншиликлеринде жеңиске ерисип, Қарақалпақстан сайланды командасы қурамында Өзбекстан бириншиликлеринде жеңимпаз ҳәм сыйлы орынларды ийелеп жүрди.

Мектеп оқыўшысы болыўына қарамастан, самбо гүресинен 1983-жылы март айында өткерилген «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Қарақалпақстан бириншилигинде сыйлы 2-орынды ийелесе, июнь айында спартакиада бағдарламасы бойынша республика көлеминде өткерилген беллесиўде жеңимпаз болыўға еристи. 1985-жылғы Қарақалпақстан бириншилигинде сыйлы 2-орынды ийелеўге ериссе, 1986-жылдың март айында спартакиада бағдарламасы бойынша республика көлеминде өткерилген беллесиўде жәнe жеңимпазлықты қолға киритти.

Ф.Айманов әскерий хызметин атқарып келгеннен кейин Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтына оқыўға тапсырды ҳәм Ш.Мустафаев басшылығында самбо гүреси менен шуғылланыўын даўам еттирди. Ол оқып жүрип бир неше мәрте Қарақалпақстан бириншиликлери менен чемпионатларында жеңимпаз болыўға миясар болды. Оқыўын табыслы тамамлағаннан кейин жасларға гүрес түрлери бойынша устазлық етиў менен бир қатар республика көлеминдеги беллесиўлерге, телевизиялық турнирлерге қатнасып, жеңимпаз ҳәм сыйлы орынларды ийелеп жүрди ҳәм Қарақалпақстан, Хорезм ҳәм Түркменстан Республикасы аймағындағы халық тойларында, байрам сейиллеринде той палўаны сыпатында да елге танылды.

* * *

Белгили устаз палўан Жарас Казаковтың келешегинен үмит күттиретуғын шәкиртлериниң бири Фахриддин еди. Себеби, ол айырымлар қусап қарсыласының атын, спорттағы дәрежесин еситип, өзин жоғалтатуғынлардан емес еди. Ким болыўына қарамастан, тек ғана жеңис ушын устазының айтқан ақыл кеңеслерин, үйреткен усылларын әмелге асырыўда бар уқыбын иске салар еди. Ол усындай тынымсыз машқы нәтийжесинде республика көлеминде танылып, Қарақалпақстан сайланды командасы қурамына қабыл етилди ҳәм миллий гүрес бойынша 1983-жылы Сурхандәрьяда, 1984-жылы Самарқандта ҳәм 1985-жылы Нөкис қаласында Өткерилген Өзбекстан бириншиликлеринде чемпионлықты қолға киритти. Фахриддин жоқары оқыў орынына киргеннен кейин самбо гүреси менен де шынтлап шуғыллана баслады. Самбо бойынша 1984-жылы Нөкис қаласында өткерилген Өзбекстан бириншилигинде сыйлы 2-орынды ийелесе, 1988-жылы Хорезмниң Үргениш қаласында өткерилген «Буравестник» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан бириншилигинде 3-орынды ийелеўге еристи.

Сондай-ақ, Фахриддин еркин гүрес ҳәм дзюдо гүреслери менен де шуғылланды. Бирақ, гүрестиң бул түрлеринен Қарақалпақстан көлеминдеги жарысларда жеңимпаз ҳәм сыйлы орынларды ийелегени менен Өзбекстан көлеминдеги беллесиўлерде оннан әўмет жүз бура берди. Ол ҳәзирги күнде Әмиўдәрья районындағы 38-санлы мектепте жасларға устазлық етиў менен той палўаны сыпатында елге танылған спортшы.

* * *

Жаслайынан республикамыздың жетекши палўанларына еликлеп өскен Муратбай Досымбетов Чаршамбай Тәжимуратовтан миллий гүрес сырларын тереңнен меңгерип, район сайланды командасы қурамына қабыл етилип, Ш.Машариповтан да гүрес сырларын тереңнен меңгериўге ерисτи. Республика биринщиликлеринде бир қатар табысларды қолға киргизип, миллий гүрес бойынша мектеп оқыўшылары арасында Қарақалпақстан сайланды командасы қурамына қабылланып, Шахрисабз қаласында өткерилген спартакиадаға қатнасты ҳәм жеңимпаз болды. Мектепти табыслы тамамлап, Ташкент қаласына оқыўға барған Муратбай Өзбекстанға мийнети сиңген тренер Аман Таймуратовтан самбо ҳәм дзюдо гүреси сырларын үйренди.

Самбо гүреси бойынша 1987-жылы Ташкент қаласында, 1989-жылы Самарқанд қаласында өткерилген «Буравестник» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан биринщиликлеринде жеңимпазлықты қолға киритсе, 1991-жылы Хорезмде өткерилген Өзбекстан биринщилигинде сыйлы орын ийесине айланды.

Дзюдо гүреси бойынша 1986-жылы Челябинскте өткерилген пүткилаўқамлық турнирде сыйлы орынды ийелесе, 1987-жылы өткерилген «Буравестник» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан биринщилигинде жеңимпазлықты қолға киритти. 1989-жылы Ташкент қаласында өткерилген Орта Азия ҳәм Қазақстан чемпионатына Өзбекстан сайланды командасы қурамында қатнасып, қола медальды ийелесе, 1991-жылы өткерилген Өзбекстан чемпионатында 71 кг салмақ категориясында алтын медальды жеңип алыў менен қоса спорт устасы дәрежесин орынлаў несип етти.

М.Досымбетов 2000-жылдан берли Республикалық олимпия резервлери колледжинде миллий гүрес бойынша аға тренер болып ислеп келмекте. Сондай-ақ 2005-жылдан жаслар ҳәм жас өспиримлер бойынша Өзбекстан сайланды командасының аға тренери, 2011-жылдан Өзбекстан миллий сайланды командасының бас тренери болып, усы күнге шекем 12 халық аралық дәрежедеги спорт устасы, 1 Өзбекстанға мийнети сиңген спортшы, 40 тан аслам Өзбекстан спорт усталарын тәрбиялап шығарды. Оған 2012-жылы оған «Өзбекстанға мийнети сиңген тренер» ҳүрметли атағы берилди.

* * *

Әмиўдәрья районынан шығып республикамызда бираз табысларға ерискен палўан, тренер ҳәм халық аралық дәрежедеги төреши Чаршамбай Тәжимуратов миллий гүрес бойынша Нарбай Сапарбаевтан, еркин гүрес бойынша Шамурат Машарипов ҳәм Бахрам Раджаповлардан тәлим алды. Ол мектепти питкергеннен кейин Ташкенттеги Өзбекстан мәмлекетлик дене тәрбия ҳәм спорт институтында тәлим алды. Лекин ол мудамы миллий гүрес, самбо ҳәм дзюдо гүреслери бойынша Қарақалпақстанда өткерилген жарысларға қатнасып барды. Самбо гүреси бойынша «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң 1977-жылғы ҳәм 1978-жылғы республикалық кеңеси биринщилигинде жеңимпазлықты қолға киргизсе, Қарақалпақстан биринщилигинде сыйлы орынды ийеледи. Сол жылы аўыл жасларының спартакиадасында жеңимпаз болды. 1983-жылғы «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң республикалық кеңеси биринщилигинде сыйлы 2-орынды ийеледи. Еркин гүрес бойынша 1976-жылы Жас өспиримлер арасында өткерилген Қарақалпақстан биринщилигинде сыйлы 3-орынды ийелесе, «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Қарақалпақстан биринщилигинде ҳәм 1977-жылғы Қарақалпақстан спартакиадасында биринши орынларды жеңип алды. Миллий гүрес бойынша 1977-1985-жыллар аралығында «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң республикалық кеңеси биринщиликлеринде ҳәм Қарақалпақстан биринщиликлеринде өз салмағында мудамы жеңимпаз болып келди. 1978-жылғы Өзбекстан чемпионатының қола медалын жеңип алыўға ериcти. Институтты питкергеннен кейин районлағы «Пахтакор» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетинде ислеп жүрип те, бир қатар республикалық беллесиўлерде көзге тасланып жүрди.

Ч.Тәжимуратов ҳәзирги күнде миллий гүрес бойынша халық аралық дәрежедеги төреши. Ол Азия ҳәм Жәҳән чемпионатларындағы әдил төрешилиги менен итибарға ылайық болып келмекте.

Оның төрешилик етиўдеги ҳәм жаслар тәрбиясындағы жемисли мийнети ылайық баҳаланып, 1998-жылы кәсиплик аўқамының республикалық кеңеси, 2000-жылы ҳәм 2002-жылы Өзбекстан Кураш федерациясы, 2006-жылы Қарақалпақстан Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен «Ҳүрмет жарлық»лары менен сыйлықланды.

* * *

Әмиўдәрья районында дүньяға келип, Шамурат Машарипов, Жарас Казаков сыяқлы палўанлар орталығында өскенликтен миллий гүрес бойынша республика көлеминде әдеўир дәрежеде көзге тасланған Алламберген спорттың самбо  гүреси менен де шынтлап шуғалланды. Ол дәслеп қала ҳәм республика бириншиликлеринде табыслы қәдемлери нәтийжесинде Қарақалпақстан сайланды командасы қурамына қабыл етилди. Қарқалпақстан сайланды командасы қурамында «Буравестник» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийетиниң Өзбекстан бириншилигине қатнасып, сыйлы 2-орынды ийеледи. Ташкент қаласында өткерилген Өзбекстан бириншилигинде финалға шекемги қарсыласларының барлығын алдында диз бүктирди. Финалдағы қарсыласы самбо бойынша спорт устасы, бурынғы аўқам чемпионы Константин Ящин еди. Бириншилик алдындағы руўхый ҳәм физикалық таярлықларға қарамастан гилемде тәжирийбе өз нәтийжесин берип, Алламберген бириншиликтиң гүмис медалы менен шеклениўге мәжбүр болды. Тәжирийбели самбошы менен беллесиўин қадағалап отырған орай қәнигелери Алламбергенди Өзбекстан сайланды командасының қурамына қабыл етти.

А.Жумамуратов самбо гүреси бойынша спорт усталығына талабан дәрежесин орынлап, ўатан алдындағы жигитлик парызы - әскерий хызметке атланды. Бирақ өмири қысқа болып, Аўғанстан урысында қазаланды ҳәм «Қызыл жулдыз» ордени менен сыйлықланды.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР


1. Ешмуратов А. «Миллий гүрес - XXl әсир спорты», «Қарақалпақстан спорты» газетасы - 27.04.2002. 8-сан.

2. Утепбергенов Г. Қайыпов Ә. «Палўанлардың ардақлы устазы», Әжинияз атындағы НМПИ - 2019. Нөкис.

3. Қайыпов Ә., Каримов Д., Юсупов А. «Қарақалпақстанда самбо гүресиниң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы», «Билим» баспасы - 2017. Нөкис.

4. Қайыпов Ә., Насыров П. «Жәҳәнге танылған палўанлар устазы», Әжинияз атындағы НМПИ - 2019. Нөкис.

5. Қайыпов Ә. «Палўан менен сәўбет», «Қарақалпақстан спорты» газетасы - 17.10.2002. 16-17-санлар.

6. Сосновский И.Ю., Чайковский А.М. «Энциклопедический словарь юного спортсмена», Издателство «Педагогика» - 1979. Москва.

7. Юсупов А., Қаипов Н., Тлеўов Б. «Жәҳән чемпионы белгили жаслар устазы» Әжинияз атындағы НМПИ - 2018. Нөкис.

**Қайпов Жахангер Абдиқәдирович** Өзбекстан Республикасы Дене тәрбия ҳәм туризм министрлиги жанындағы Дене тәрбиясы қәнигелерин қайта таярлаў ҳәм билимин жетилистириў институты Нөкис филиалының қайта таярлаў ҳәм билимин асырыў жумысларын шөлкемлестириў бөлими басльғы.

# ПАЛЎАНЛАР ЖУРТЫНА УСТАЗЛЫҚ ЕТКЕН ЖӘҲӘН ЧЕМПИОНЫ

Basıwǵa 10. 04. 2021 ruxsat etildi
Pishimi 60 x84 1/16, « Times New Roman» garniturasi, Ofset qaǵazı
Baspa tabog'i 1,75 p.  Adadi 80 nusqa. Buyırtpa № 117
«UMID DESIGN» baspası
«UMID DESIGN» XK baspaxanasında basıp shıǵarıldı.
Ózbekistan Respublikası, Tashkent qalası
Navai ko'shesi 22-úy